



## DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Nouvèl Divizyon Zafè Etidyan yo (Division of Students Affairs, DSA) Pou Ou

Lendi 8 Avril 2024

Chè Kòlèg DSA,

Se Semèn Nasyonal Anplwa Etidyan an! Anplwaye Etidyan nou yo rann anpil nan sa n ap fè yo posib. Yo anrichi kanpis nou an gras ak devouman yo epi gwo travay y ap fè a epi y ap aprann pandan pakou a! Semèn sa a, nou gen pou n selebre kèk nan Anplwaye Etidyan ki pi Eksepsyonèl nou yo nan yon Selebrasyon DSA pou remèsye tout kontribisyon yo pote yo. Mwen espere n ap pran tan semèn sa a pou n fè anplwaye etidyan nou yo konnen pèsònèlman nan ki pwèn yo fè yon gwo diferans nan Inivèsite Maryland lan (University of Maryland, UMD).

Tanpri Reponn Sondaj sou Apatnans ak Kominote UMD a.

Sondaj inivèsite a [sou Apatnans ak Kominote nan UMD](#) a louvri ofisyèlman jiska vandredi 26 Avril 2024. Antanke yon kominote inivèsitè ki investi li nan siksè ak byennèt manm nou yo, sondaj sa a se yon mwayen enpòtan pou nou konprann eksperyans etidyan, pwofesè, ak anplwaye nou yo pou nou ka kreye yon avni ki pi bon ak pi enklizif pou inivèsite nou an. [Tanpri, tanpri, tanpri pran 15 minit pou reponn sondaj la.](#)

Prim ak ankourajman yo disponib kòm yon jès remèsiman paske w te reponn sondaj la:

- Pou chak sondaj pwofesè yo ak estaf anplwaye yo reponn, Bank Alimantè Kanpis la oswa Fon pou Kriz Etidyan yo ap resevwa 1\$.
- Gen yon total \$10,000 ki disponib pou konpetisyon sou kanpis la, pou rekonpanse inite ki gen to patisipasyon ki pi wo yo.
- Etidyan ki reponn sondaj la ap gen chans pou yo genyen kado ki gen rapò ak espò epi kreye yon savè krèm glase nan Fèm Letye Maryland lan (Maryland Dairy).

Drapo Konvèsasyon nan Salamanje Kanpis yo

Konsèy Konsiltatif Sèvis Restorasyon (Dining Services Advisory Board, DSAB) an te vini ak yon bon lide pou enplike etidyan yo plis epi ensite yo dyaloge youn ak lòt nan salamanje nou yo. Avèk èd ekip Sèvis Restorasyon nou an, yo te mete "drapo konvèsasyon" ak afich enfòmasyon nan antre Yahentamitsi a. Elèv yo pote yon drapo sou tab yo a epi yo ekspoze li pandan y ap chita, sa ki endike yo disponib pou lòt moun rejwenn yo sou tab yo a pou yon konvèsasyon. Restorasyon an kontinye travay avèk DSAB a pou ogmante itilizasyon drapo konvèsasyon yo epi gen plan ki ankou pou ofri "drapo lang" yo pou ankouraje etidyan yo kòmanse konvèsasyon avèk lòt moun nan lang ki pa Anglè—yon bon fason pou ankouraje enklizyon ak pratik diferan lang.

Pwojè a te sòti nan Yahentamitsi pou l ale nan 251 North epi te menm gen eksperyans pou deklanche konvèsasyon nan Salamanje South Campus lan.

## Mizajou sou Egzekisyon Plan Estratejik la

Kounye a [yo pibliye Plan Estratejik DSA a](#), egzekisyon an ankou. Vis Prezidan adjwen Tom Flynn gen pou l dirije yon komite pilotaj ak sis (6) komite angajman pou reyalize plan senk (5) lane a. Komite angajman yo gen pou yo devlope plan an, etap enpòtan yo, kalandriye a, ak objektif yo pou chak angajman estratejik. Komite pilotaj la, ki konpoze ak ko-prezidan komite angajman nou an, gen pou l sèvi antanke lyezon ant komite yo ak direksyon divizyonè a. Yo gen pou yo idantifye efò angajman ki kwaze yo, rekòmande kijan pou elimine sa k reprezante obstak yo pou siksè a epi kreye opòtinite pou reyalize objektif nou yo. Nou nan pwosesis pou n pwograme premye reyinyon yo.

Yo reprezante Plan Estratejik Divèsite, Ekite ak Enklizyon (Diversity, Equity, and Inclusion, DEI) DSA a nan angajman estratejik nou an, “Nou kreye Kominote ki Byenveyan ak Enklizif.” Depatman Divèsite, Ekite, ak Enklizyon an ak Inisyativ Divèsite Zafè Etidyan an (Student Affairs Diversity Initiative, SADI) te travay di pou konstui etap aksyon fondamantal yo pou aliyen travay yo ak angajman sa a pi byen. Nan objektif sa a, yo te restriktire SADI avèk de (2) ko-prezidan, Nicole Mehta ak Yvette Lerma Jones, epi yon sou-komite pou chak grenn nan objektif angajman sa a.

Yo gen pou yo ajoute enfòmasyon konsènan egzekisyon an sou sit entènèt Plan Estratejik la lè y a va disponib.

Mwen swete nou sa k pi bon yo, chè kòlèg,

Patricia A. Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo, University of Maryland  
li (pwonon feminen)

## Sonje Dat yo

- Selebrasyon Anplwaye Etidyan Eksepsyonèl yo - Mèkredi 10 avril, 4è p.m. jiska 6è p.m.
- [Dedikas Jaden Ekout Chapèl Komemoratif la \(Memorial Chapel Listening Garden Dedication\)](#) - Jedi 18 Avril, 12è/midi
- [Jounen Maryland \(Maryland Day\)](#) - Samdi 27 Avril